दिन–शुक्रवार दिनांक–26.07.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

देशभरि मे आइ पचीसम कारगिल विजय दिवस मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसरि पर देश सैनिक लोकनिक सर्वोच्च बलिदान के स्मरण कऽ रहल अछि। आजुक दिन सेना उन्नैस सय निनानवे मे युद्ध के बाद कारगिल मे पाकिस्तानी सेना पर विजय प्राप्त कयने छल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ कारगिल युद्ध स्मारक के दौरा कऽ अपन बलिदान देबयवला सैनिक लोकनि के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एहि अवसरि पर अपन संबोधन मे प्रधानमंत्री कहलनि जे हमर सैनिक लोकनि आतंकवाद के समाप्त करबाक लेल आ दुश्मन के मूँहतोड़ जबाव देबाक लेल अपन जी–जान लगा देलनि अछि। एम्हर, कारगिल दिवस के अवसरि पर आइ संसदक दुनू सदन मे कारगिल युद्ध के दरमियान वीरता सँ लड़ऽवला बहादुर सैनिक लोकनि के श्रद्धांजलि देल गेल। ओतहि राजधानी पटना सहित प्रदेशक आनो–आन क्षेत्र सभ मे कारगिल विजय दिवस पर श्रद्धांजलि कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। पटना के गांधी मैदान स्थित शहीद–ए–कारगिल स्मृति स्थल पर राजकीय समारोहक आयोजन कयल गेल। एहि समारोह मे पटनाक जिलाधिकारी आ सेना के अधिकारी लोकनि अमर शहीद के सलामी देलनि आ माल्यार्पण कयलनि। एम्हर, केन्द्रीय संचार ब्यूरोक दिस सँ कारगिल विजय दिवस के अवसरि पर पटना साईंस कॉलेज मे फोटो प्रदर्शनी सह जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

---

राजदक एमएलसी सुनील कुमार सिंह के विधान परिषद सँ बर्खास्त कऽ देल गेल अछि। विधान परिषदक आचार समिति के अनुसंशा पर ई कार्रवाई कयल गेल अछि। समिति के अध्यक्ष रामवचन राय सुनील कुमार सिंह के बर्खास्तगी के प्रस्ताव के प्रस्तुत कयलनि जे ध्वनिमत सँ पारित भेल। विदित अछि जे बर्खास्त एमएलसी पर सदनक भीतर मुख्यमंत्री के हाव–भाव के नकल कऽ हँसी उड़ेबाक आरोप लागल छल। आचार समिति अपन प्रतिवेदन मे कहलक जे समिति ई मानैत अछि जे सुनील कुमार सिंह सदन मे अपन असंसदीय आचरण आ अमर्यादित व्यवहार सँ सदनक सदस्य बनल रहबाक पात्र नहि रहलाह अछि। बाद मे सदनक बाहर श्री सिंह आरोप लगौलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक निर्देश पर ई कार्रवाई

कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे सदन मे हुनका अपन बात राखबाक अवसरि नहि देल गेल। ओतहि मंत्री अशोक चौधरी कहलनि जे सुनील कुमारक सदस्यता समाप्त करबा मे सरकारक कोनो हाथ नहि अछि। ई कार्रवाई आचार समिति के अनुसंशा पर कयल गेल अछि।

———————————————————————

एम्हर, आचार समिति राष्ट्रीय जनता दलक एक आओर सदस्य मोहम्मद कारी सौहैब के विरूद्ध सेहो कार्रवाई के अनुशंसा कयने छल। मुदा समिति के समक्ष मोहम्मद कारी सोहैब द्वारा क्षमा मांगबा पर हुनका अगिला सत्र मे मात्र दू दिनक लेल निलंबित कयल गेल।

———————————————————————

दरभंगा मे एम्स निर्माणक काज शीघ्रहि शुरू होयत। केन्द्रीय स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण मंत्रालय शोभन एकमी बाईपास के लऽग प्रस्तावित भूमि पर एमस के निर्माण के स्वीकृति दऽ देलक अछि। एहि वर्ष मार्च मे केन्द्र सरकारक तकनीकी टीम उक्त भूमि के सर्वेक्षण कयलाक बाद एम्स निर्माणक लेल उपयुक्त जनौलनि अछि। केन्द्र राज्य सरकार सँ एम्स निर्माणक लेल भूमि हस्तांतरणक मांग कयलक अछि।

———————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता प्रभात झा के गुरूग्रामक एक निजी अस्पताल मे निधन भऽ गेलनि। ओ सड़सठि वर्षक छलाह। आ कतेको दिन सँ बीमार छलाह। प्रभात झा मूलरूप सँ सीतामढ़ी जिलाक कोरियाही गामक रहऽबला छलाह। हुनक निधन पर पार्टीक वरिष्ठ नेता लोकनि अपन शोक व्यक्त कयलनि अछि। एम्हर, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी वरिष्ठ नेता आ पूर्व सांसद प्रभात झा के निधन पर दुःख व्यक्त कयलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी हुनक संगठनात्मक आ पत्रकारिताक क्षेत्र मे हुनक योगदान के स्मरण कयलनि।

———————————————————————

पूर्णियांक डाकबंगला चौक पर स्थित एक प्रसिद्ध कंपनी के आभूषण दोकान सँ हथियारबंद अपराधी सभ दिन—देखाड़े लगभग दू करोड़ टाका मूल्यक आभूषण लूटि लेलक।

प्रत्यक्षदर्शी सभक अनुसार पाँच सँ छओ के संख्या मे आयल अपराधी सभ आभूषण दोकान के कर्मचारी आ ग्राहक लोकनि के हथियारक डर देखाकऽ लूटपाट कयलक। पुलिस अपराधी सभक गिरफ्तारी के लेल छापामारी कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

भारतीय जनता पार्टी डॉक्टर दिलीप जायसवाल के बिहारक नव प्रदेश अध्यक्ष नियुक्त कयलक अछि। पार्टीक राष्ट्रीय महासचिव अरूण सिंह ई जनतब देलनि। डॉक्टर जायसवाल राज्यक उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के स्थान लेताह। विधान पार्षद डॉक्टर दिलीप जायसवाल वर्तमान मे राज्यक भूमि सुधार आ राजस्व मंत्री छथि।

———————————————————————————

राज्य मे दक्षिण—पश्चिम मॉनसूनक गतिविधि कमजोर बनल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे राज्यक दक्षिण—मध्य आ दक्षिण—पूर्व भाग के किछु स्थान पर हल्का वर्षा दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अगिला तीन सँ चारि दिनक भीतर राज्यक उच्चतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री के क्रमिक वृद्धि हेबाक अनुमान अछि। विभाग तीन जुलाई सँ मॉनसून के पुनः सक्रिय हेबाक संभावना व्यक्त कयलक अछि। एहि दरमियान राज्यक उत्तर—पश्चिम, उत्तर—पूर्व आ दक्षिण—पश्चिम जिलाक कतेको स्थान पर वर्षा हेबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

समाप्त